

Avi Piblik: Aksyon Merrimack Valley Metropolitan Organization Pwopoze, Odyans Piblik, ak Peryòd pou moun fè kòmantè.

Merrimack Valley Planning Organization (MVMPO) nan dokiman sa a bay avi disponibilite aksyon yo pwopoze ki annapre yo pou analiz ak kòmantè:

Amanman #2 ki Pwopoze pou FFY2024-2028 TIP

Aksyon ki mansyone pi wo yo disponib pou analiz sou sit entènèt Merrimack Valley Planning Commission (MVPC) a (www.mvpc.org/mvmpo) e yo dekri pi ba a. Merrimack Valley Metropolitan Planning Organization (MVMPO) p ap fè odyans piblik pou pale konsènan aksyon ki pwopoze yo e pou resewva kòmantè moun yo. Moun ka voye kòmantè yo pa imel tou nan transportation@mvpc.org.

- **Kote odyans lan ap fèt:** A distans
- **Dat:** **Mèkredi 20 desanm 2023**
- **Lè:** **1:00pm (odyans piblik #1) e 8:15pm (odyans piblik #2)**
- **Fason reyinyon an ap fèt:** Yo p ap fè prezantasyon fòmèl, men, ap gen anplwaye k ap la pou pale sou aksyon (yo) epi resewva kòmantè yo. Y ap bay Komite MVMPO kòmantè yo pou yo ka analize aksyon yo.

Aksyon yo pwopoze yo:

Amanman sa a gen ladan l plizyè chanjman TIP Merrimack Valley Transit pwopoze:

- 1) Kantite bis tranzit yo achte gmante sot nan 8 pou rive nan 14. Chanjman sa a abòde de bezwen ki enpòtan anpil: (1) Pou yo ka pi byen abòde bezwen moun k ap pran tranzit yo, MeVa itilize lòt asistans operasyon ki se MassDOT pou l ka ogmante kantite fwa, kategori ak jou sèvis yo, sa ki fè fin gen yon bezwen pou ogmante ekipman, epi (2) akòz yon pwoblèm ki te kòmanse nan lane 2025 ak mank disponibilite motè Cummins ki respekte egzijans CARB yo, MeVa ap kòmande kèk bis 1 lane alavans.
- 2) Yo ajoute yon pwojè pou achte SUV crossover pou k ap la pou sèvis peye transpò adapte. Sa a ap pèmèt MeVa pou l fè plis atansyon nan fason l ap voye machin yo, pou l voye gwo ki apwopriye a dapre bezwen moun k ap monte l la ak kantite pasaje k ap nan machin nan.
- 3) Bidjè pou Pwojè McGovern nan te ogmante pou ajoute nivo pwojè a ap atenn pou sable ak pentire poto ki fèt an metal nan premye etaj la, jan sa nesesè apre yon evalyasyon konplè sou kondisyon nan moman yo.
- 4) Yo diminye nan plan agrandisman lokal Administratif/Reparasyon an epi divize l nan yon etid pou gade si sa posib ak premye plan nan FY25.
- 5) Yo retire pwojè planifikasyon yo, ansanm ak diminisyon reparasyon pou fè prevansyon pou mete lajan sa yo nan pwojè ki agrandi pi wo a. Sa p ap fè gen yon diminisyon nan aktivite planifikasyon oswa reparasyon pou fè prevansyon yo, men pito reflete yon fason ki apwopriye fason yo itilize lajan federal la pou chak eleman nan TIP/STIP a.

Aksè ak odyans piblik la:

Odyans #1:

Link: <https://us06web.zoom.us/j/81958455407?pwd=DZbaKIPPweUYaN17bXtel04L9oml7.1>

ID Reyinyon: 819 5845 5407

Modpas: 913470

Rele:

+13126266799,,83523878127# US

+16465588656,,83523878127# US

Odyans #2:

Link: <https://us06web.zoom.us/j/83523878127?pwd=IVolqFS5HpHbPNiS5EGaWAiSF1WIEK.1>

ID Reyinyon: 835 2387 8127

Modpas: 739771

Rele:

+13052241968,,81958455407# US

+13092053325,,81958455407# US

Pou aranjman pou lang, tanpri kontakte Kowòdinatè MVMPO Tit VI/Kont Diskriminasyon an nan 978-374-0519, l ap pi bon si se de semèn anvan dat odyans lan.